



Estanda Sekirite MA

Estanda Faz 3 sa yo pibliye pou aktivite gòlf ki fèt deyò ak nan etablisman ki gen rapò yo (egzanp., pro shop, clubhouse). Aktivite gòlf andedan tankou aktivite gòlf andedan ta dwe swiv gid sou rekreyasyon andedan, disponib sou [Sit entènèt Plan Re-ouvèti a](#)

ESTANDA SEKIRITE OBLIGATWA



DISTANS SOSYAL

Chak etablisman dwe kontwole antre ak sòti vizitè yo, asire distans sosyal, ak limite kantite moun an toutan nan sa ki annaprè a:

- 50% nan maksimòm okipasyon etablisman an ki otorize jan li dokimante nan dosye pèmi okipasyon I avèk depatman biling minisipal oswa lòt detantè dosye minisipal
- Etablisman yo ki pa gen limit pèmi okipasyon otorize nan dosye ka kite 8 moun (sa ki enkli anplwaye) pou chak 1,000 pye kare espas aksesib
- Nan nenpòt ka, okenn espas fèmen nan etablisman an ka depase okipasyon 10 moun pou chak 1,000 pye kare
- Tout chif ak kalkil okipasyon dwe enkli vizitè, anplwaye, ak lòt travayè yo

Asire separasyon nan 6 pye oswa plis ant moun yo:

- Fèmen oswa rekonfigire espas komen pou travayè ak zòn wo dansite yo kote travayè yo siseptib pou rasanble (egzanp., sal repo, ak zòn pou manje pou travayè yo; sal resepsyonis ak zòn datant pou kliyan yo) pou pèmèt distans fizik
- Separatè fizik yo dwe separe estasyon travay yo ki pa kapab espase (separatè yo dwe omwen 6 pye nan wotè)
- Enstale baryè fizik pou kontwa pro shop, estasyon kès, elatriye. Lè sa posib
- Enstale makè distans sosyal vizyèl pou ankouraje kliyan yo rete 6 pye apa (egzanp., liy kès deyò magazen gòlf la si aplikab, liy pou peye, liy pou itilize twalèt)
- Sal makè ak koulwa pou endike separasyon 6 pye

Vire lè travay ak poz manje pou travayè yo, règlemente kantite moun maksimòm nan yonsèl kote, ak asire omwen distans fizik 6 pye

Etabli koulwa direksyon ak pasaj pou jere kantite vizitè pou trafik a pye, pou dimine kontak (egzanp., antre nan sans inik ak sòti nan sal direksyon a sans inik yo). Afiche siy vizib klè osijè règleman sa yo

Egzije kouvrí figi pou tout kliyan ak travayè yo, sof lè yon moun pa ka mete yon mask pou kouvrí figi akoz yon kondisyon medikal oswa andikap

Jwè gòlf yo ka retire kouvèti figi a kote yo ka fasilman, nan fason kontinyèl, ak mezirableman kenbe yon distans 6 pye de jwè yo ak lòt moun ki preznan; bay jwè yo enstriksyon ke yo dwe mete kouvèti pou figi lè yo pa kapab rete nan yon distans nan 6 pye de lòt moun yo

Ankouraje jwè gòlf yo pou mache oswa itilize yon charyo pou pouse, men pèmèt charyo gòlf la itilize sèlman si chak charyo itilize epi li gen ladan yon sèl pasaje oswa yon gwoup jwè gòlf ki abite nan menm kay la. Charyo gòlf ak charyo pou pouse yo dwe netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon

Tounwa ak lòt aktivite yo (tankou aktivite style "lagè) dwe swiv direktiv EEA pou tounwa yo, disponib sou [Sit Reouvèti EEA](#)

Rekomande pi bon pratik yo

Ankouraje itilizasyon metòd peman san kontak kèlkeswa lè sa posib



PWOTOKÓL IJYÈN

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou sit la, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòde sifizaman tan poz pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl

Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)

Afiche siy vizib nan tout sit la pou fè travayè ak kliyan yo sonje sou pwotokòl sekirite ak ijyèn

Dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% ta dwe disponib nan antre, sòti yo ak nan tout zòn planche klib house la oswa lòt espas andedan pou travayè ak kliyan yo

Evite pataje ekipman ak founiti ant travayè yo

Dezenfekte ekipman pataje yo anvan yon lòt anplwaye itilize yo

Itilize tablo ak kreyon ki fè yonsèl sèvis

Enfòme jwè gòlf yo ke bato drapo yo dwe rete nan twou a. Materyèl ki kouvrí twou yo dwe monte oswa ajiste kidonk jwè yo pa rive andedan twou a pou yo ka jwenn yon boul

Kaddi pou estoke boul ak moun ki pote yo ap otorize, a kondisyon ke yo kenbe distans sosyal, mete mask ak gan, epi itilize dezenfektan pou men. Ankouraje pou netwaye kaddi pou estokaj boul ak sak yo, klib ak lòt ekipman apre chak itilizasyon

Tout ekipman pataje ak lokasyon, tankou klib, dwe netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon



ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



PÈSONÈL &
OPERASYON

Bay travayè yo fòmasyon sou enfòmasyon sekirite ajou ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi sekirite ki vize nan redwi transmisyon maladi, sa ki gen ladan

- Distans sosyal, lave men, itilizasyon apwopriye nan kouvri figi
- Oto depistaj nan kay, sa ki gen ladan tcheke sentòm ak tanperati
- Ranfòse ke anplwaye ki malad pa ta dwe vini travay
- Kilè pou chèche atansyon medikal si sentòm yo vin grav
- Ki kondisyon sante kache ki kapab rann moun nan pi siseptib pou kontrakte ak soufri yon ka viris maladi grav

Etablisman yo dwe teste travayè yo nan chak chif travay lè yo asire sa ki annaprè a:

- Travayè a pa genyen okenn sentòm tankou lafyèv (100.0 ak piwo) oswa frison, tous, souf kout, malgòj, fatig, maltèt, kò fè mal/misk, nen koule/konjesyon, nouvo pèt gou oswa sant, oswa kè plen, vomisman oswa dyare
- Travayè a pa t genyen "kontak pwòch" avèk yon moun ki dyagnostige avèk COVID-19. "Kontak pwòch" vle di viv nan menm kay avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, ou te nan distans 6 pye de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pou 15 minit oswa plis, oswa vini an kontak dirèk avèk sekresyon (egzanp., pataje istansil, ou tap touse) de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pandanke moun nan pa gen sentòm
- Doktè oswa yon otorite sante publik pa t mande travayè a pou l izole l oswa rete an karantèn
- Yo dwe voye lakay yo travayè yo ki neglije pou satisfè kritè ki anwo a

Ajiste lè ak orè travay yo (ekip kap travay la avèk differan orè oswa chanje arive/depa) pou redwi kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon

Kenbe yon jounal pou travayè ak kliyan yo pou sipòte posiblite nan retrase kontak (non, dat, lè, enfòmasyon kontak) si nesesè Travayè yo pa ta dwe vin travay si yo santi yo malad

Si yo enfòme anplwayè a sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a pral enfòme Komisyon Sante lokal (LBOH) epi travay avèk yo pou trase siseptib kontak nan plas travay la epi enfòme travayè yo pou izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka mande pou lòt travayè yo fè tès ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan [Direktiv sou Sekirite Estanda nan Plas Travay Commonwealth la](#)

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan direktiv Commonwealth la Biznis yo ta dwe kenbe èdtan ouvèti ki pèmèt yon asenisman ak netwayaj kontinyèl

Limite vizitè ak founisè sèvis sou sit la; ekspedisyon ak livrezon ta dwe fèt nan zòn deziyen yo

Itilizasyon pratik egzèsis gòlf, zòn vè ak lòt etablisman pratik yo dwe swiv pwotokòl distans sosyal e li dwe egzije itilizasyon pou kouvri figi

Modifye zòn pou fè egzèsis pratik pou asire yon minimòm separasyon 6-pye ant jwèyo

Egzije pou kliyan yo rezève tan tee alavans

Asire yon eka sifilan ant gwoup tee yo pou pèmèt distans sosyal

Otorize fontèn dlo/glasyè pou itilize kòm estasyon rechaj sèlman, a kondisyon keyo bay distans sosyal. Kliyan ak travayè yo ta dwe pote pwòp boutèy dlo yo


Ekipman ak sèvis ki sou plas ka ouvè ak fonksyone sèlman lè ekipman oswa sèvis sa yo ta otremán otorize pou fonksyone anba Plan Faz Re-ouvèti Commonwealth la e apresa li dwe konfòme avèk tout pwotokòl sekirite sektè spesifik, disponib sou [sitwèb plan re-ouvèti a](#), ki aplikab nan ekipman oswa sèvis. Egzanp yo gen ladan:

- Restoran: Dwe swiv dènye direktiv restoran
- Ba: Dwe rete fèmen jis nan Faz 4
- Pisin yo: Pisin deyò yo dwe swiv dènye direktiv EEA yo; Pisin andedan yo dwe swiv dènye direktiv sant egzèsis ak klib sante
- Sal egzèsis/Vestyè: Dwe swiv dènye direktiv sant egzèsis ak klib sante
- Spa: Dwe swiv estanda sektè-spesifik (egzanp., masaj yo dwe swiv dènye direktiv sou biznis ki enplike kontak pwòch, sona oswa chanm vapè yo dwe rete fèmen jis nan Faz 4)
- Magazen andetay yo: Dwe swiv dènye direktiv sou lavant andetay
- Aktivite prive: Dwe swiv dènye direktiv sou aktivite andedan ak deyò



Estanda sou Sekirite MA

ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE STANDARDS



ANPLWAYE & OPERASYON

Rekòmande pi bon pratik

Yo ankouraje biznis yo pou ofri èdtan ekskliziv oswa lòt rekòmandasyon pou sila yo ki nan popilasyon ki gen risk elve jan li defini CDC

Yo ta dwe ankouraje travayè yo ki gen yon risk pi elve nan COVID-19 daprè Sant pou Kontwòl Maladi (egzanp., akoz laj oswa lòt kondisyon kache) pou rete lakay yo

Limite deplasman anplwaye a pou separe zòn travay yo pou diminye anpyètman lè sa posib

Ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm yo poukont yo oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon moun yo konnen oswa sispèk ki genyen COVID-19 bay anplwayè a

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrase kontak



NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Netwaye sifas komen ki manyen anpil yo nan twalèt yo (egzanp., chèz twalèt, manch pòt, manch kabinè, lavabo, distribitè sèvyèt an papye, distribitè savon) souvan ak annakò avèk direktiv CDC

Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan sou sit la (omwen chak jou ak pi souvan si posib)

Kenbe yon jounal netwayaj ki gen ladan dat, lè, ak etandi netwayaj

Dezenfekte souvan zòn ki gen anpil transpò yo ansanm avèk sifas yo manyen anpil yo(egzanp., manch pòt, balistrad, kontwa yo), ekipman pataje (egzanp., rato, wondèl boul), ak ekipman pratik (egzanp., resipyen boul, panye)

Sizoka ta gen yon prezime ka pozitif COVID-19 nan etablisman gòlf la, klib house, pro shop, ak lòt zòn komen andedan yo dwe fèmen pou yon netwayaj ak dezenfeksyon apwofondi annakò avèk gid aktyèl CDC. Operasyon yo ka kontinyean etablisman andedan yo a kondisyon ke tout espas andedan yo rete fèmen pandan yap netwaye ak dezenfekte annakò avèk gid CDC

Ouvè pòt ak fenèt yo pou ogmante sikilasyon lè kote sa posib

Dezenfekte charyo gòl ak charyo pou rale yo apre chak itilizasyon